ХУЫГАТЫ
СЕРГЕЙ



Къостайы авдæн

ББК 84(2Рос=Осе)
Х–81

Х–81 **Хуыгаты С.**
Къостайы авдæн [Текст] : уацаутæ æмæ радзырдтæ / Сергей Хуыгаты – Дзæуджыхъæу : Ир, 2018 – 391 ф.

Хугаев С.З.
Колыбель Коста

ISBN 978-5-7534-1581-3

В книгу вошли повести и рассказы, написанные за последние годы. Тематика произведений разнообразна, но доминантой выступают вопросы нравственности современного молодого поколения.

Особое место – и по материалу, и по образности – занимает повесть «Колыбель Коста», в которой с большой художественной силой показана жизнь горцев дореволюционной Осетии.

Издание приурочено к 85-летию автора.

84(2Рос-Осе)

© Хугаев С.З., 2018
© Габуев А.Ю., дизайн, 2018
ISBN 978-5-7534-1581-3 © Оформление. ГУП «Издательство «Ир», 2018

СÆРГÆНДТÆ

Зын кары зарæг. *Уацау.* 5
Зымæгон изæры рухс. *Радзырд.* 59
Зæрдæхудт. *Радзырд.* 79
Æндæргъуызон бон. *Радзырд.* 92
Суадæттыхъæуы. *Уацау.* 106
Ног азы къæсæртæ. *Радзырд.* 146
Уыг. *Аргъау-биргъау.* 160
Хурхæтæнтæ. *Радзырд.* 178
Уды фæзилæнтæ. *Радзырд.* 201
Хуры хъарммæ. *Радзырд.* 234
Хохаг хъæуы. *Радзырд.* 243
Уыцы дыууæ лæджы æмæ æз. *Радзырд.* 256
Хæс. *Радзырд.* 273
Къостайы авдæн. *Уацау.* 295

ЗЫН КАРЫ ЗАРÆГ

Уацау

– Кædæм цæуыс, Асбар?
– Мæрдтæм. Цæуыс мемæ?
– Дæ хъустæ та дын ничи сивæзта, æвæццæгæн.
– Æмæ?
– Æмæ та де ‘взаг феуæгъд и.
– Æмæ уæд уæгъд кæны æвзаг?
– Уæдæ нæ кæны!
– Мæнæ диссæгтæ, Ичъынайы дзуарыстæн.

Чызг æм ницыуал сдзырдта, асиныл фæхæрд кодта. Йæ рæхснæг зæнгтæ тынг дзæбæх фидыдтой, асины къæпхæнтыл уæлæмæ-уæлæмæ хизгæйæ, æмæ сæм Асбар кæсгæйæ аззад.

Асин бæрзонд нæ уыд, æдæппæтæй иу-цалдæр къæпхæны. Æнæуи та – фæтæн, æмæ æртæрдæм арæзт йæ къæпхæнтæ, скъоладзаутæ йыл парахатæй куыд хизой.

Чызг, асины сæр цы тъæпæн фæлæууæн уыд, уым фæлæууыд æмæ та уырдыгæй дæр æркасти лæппумæ. Асбар дæр æм скаст æмæ фæфæнд кодта – цæй æмæ йæ чингуытæ йæ быны акæна асины къæпхæныл æмæ сыл æрбада. Стæй ма йæм кæд исты æрдзура Зæлидæ, уæд æм уый дæр сдзурдзæн исты, баддзæни, афтæмæй. Кæд æм ницуал æрдзура, уæд ма гыццыл абаддзæн æмæ ацæудзæн.

Æркаст йæ чингуытæм. Алгебрæ æмæ литературæ. Се ‘хсæн – цалдæр тетрады. Æмæ сыл не ‘рбадт, æвæццæгæн сын тæригъæд фæкодта. Йæ дæларм сæ атъыста. Скасти та Зæлидæмæ. Игæргъуыз къаба æмæ урс раздарæн – скъоладзау чызджытæ куыд дарынц, афтæ, фæлæ Зæлидæйæн цыма йæ къаба игæргъуыздæр уыд, йæ раздарæн – урсдæр, афтæ зынди Асбармæ. Йæ раздарæн дæр ыл хорз фидыдта йæ къæсхуыргомау фидар уæнгтыл æмæ йæ къаба дæр. Йæ раздарæны урс-урсид бæттæнтæ уæлæмæ кæм фæхæрд кодтой чызгæн йе ‘фцæгмæ, уым дыууæ бæттæны бын дыууæ къуыппы æддæмæ хæцыди бæттæнтыл, æмæ Асбары зæрдæ бахъыдзы кодта.

Асинæн дæле, фæзырдыгæй, цы къæпхæнтæ уыди, уыдоныл сцæйцыд æмæ, Асбар асинтыл дæлæмæ æрцæуы, уый куы федта, уæд фæлæууыд йæ цæуынæй. Æмæ иу къæпхæныл нæ лæууыд, дыууæ къæпхæныл лæууыди. Уæллаг къæпхæныл цы къахæй лæууыд, уымæй къабайы фæдджи фæиртæст æмæ уæраджы сæр уыцы

дзæбæх тымбылæй зынди. Зæлидæ йæм сæвнæлдта æмæ йыл йæ армытъæпæн æрфæлдæхта. Асбар ын касти йæ арммæ, куы йæ айстаид, уый йæ фæндыди. Фæлæ йæ нæ иста. Асбар ын йæ цæсгомыл æрхаста йæ цæстытæ — исынвæнд нæ кæны йæ арм? Æмæ йын афæстиат сты йæ цæсгомыл. Уæртæ йæ галиу уадулы бæстастæу уыцы сау стъæлф. Стъæлф нæ, фæлæ бызычъи, гыццыл бызычъи, æмæ раст фындз, иуырдæм дæр раст, иннæрдæм дæр раст. Уыцы комкоммæ арæзт. Уыцы дзæбæх бады йæ бынаты.

Фарæстæм къласы ахуыр кодта Зæлидæ, фарæстæм «а»-йы. Æмæ хорз ахуыр кодта, фæлæ дзы æппæлгæ ноджы тынгдæр кодтой. Ахуыргæнджытæ дæр дзы æппæлыдысты, кæимæ ахуыр кодта, уыдон дæр дзы æппæлыдысты, ахуыр кæимæ нæ кодта, уыдон дæр. Мæнæ цыма фæдзæхст уыдысты — уе 'ннæ хъуыддæгтæ дæр ныууадзут, ай, уæддæр хъуамæ ацы чызг æппæлдхъуаг ма баййафа! Асбары зæрдæмæ нæ цыди уый. Уæдæ цавæр æппæлд у! Зæлидæмæ чингуытæ нæ уыд, мидæгæй уыдаиккой йæ чингуытæ. Нырма йæм сæхимæ цæуынвæндæй ницы уыд. Æвæццæгæн та исты къордæн репетици уыди.

— Æмæ уæ къласы ничиуал и? — æппынæрæджиау айста Зæлидæ йæ арм, йæ лæгъзфаст сæрыл æй суагъта.

— Гъæуым ма дзы лыстæг сырдтæй аззад чидæртæ.

— Ставд сырдтæ цы фесты?

— Ставд сырдтæ айстой сæхи.

— Æмæ ды семæ куыд нæ айстай дæхи?

— Æз ставд сырдтæй нæ дæн.

— Уæд та лыстæг сырдтимæ куыд нæ баззадтæ?

— Лыстæг сырдтæй дæр нæ дæн. Æз æндæр сырд дæн.

— Æмæ цы ми кæнынц уæ лыстæг сырдтæ?

— Уым сæхи хуызæн лыстæг хъуыддæгтыл архайынц. Чи партæ рахъил кæны, чи йын йæ бын амæрзы цъылынæй. — Асбар цыдæр хинæйдзаг кæстытæ бакодта Зæлидæмæ. — Гъеныр ацæуон?

— Нæгъ! Кæдæм цæуыс, уый уал мын зæгъ.

— Нæхимæ цæуын.

— Нæ цæуыс уæхимæ.

— Уæдæ кæдæм цæуын?

— Цæмæйзон, кæдæм цæуыс!

— Æмæ кæд, нæхимæ кæй нæ цæуын, уый зоныс, уæд, кæдæм цæуын, уый куыд нæ зоныс?

— Нæ йæ зонын. Æмæ цы ми кæндзынæ уæхимæ?

— Фынæй кæндзынæн.

— Ацафон?

— Гъо. Хуыссæг мæ ахсы.

— Цæмæн дæ ахсы хуыссæг?

— Дысон нæ бафынæй дæн æмæ уымæн.

— Цæмæннæ бафынæй дæ дысон?

— Нæ мæ 'вдæлди фынæй кæнынмæ. Исты фарст ма мæм дæттыс?

— Фæлæуу-ма, æмæ дæ куыд нæ ‘вдæлди фынæй кæнынмæ? Æвæццæгæн, исты дзæбæх чиныг кастæ!

— Ницы кастæн дзæбæх чиныг. Æппындæр нæ кастæн чиныг. Цæй чиныг кастæн?

Зæлидæ йæм дæлдæр æруад асины къæпхæнтыл.

— Уæдæ цы ми кодтай, Асбар?

— Ницы. Æппындæр ницы. Фæлæ уымæй тæрсын — хуыссæг та мæ куынæ ахса!

— Куыд нæ дæ ахсдзæн, кæд дæм фынæй цæуы, уæд?

— Цы йын зонын! Йæ быны мæ скæны, стæй схуыссын, æмæ цыдæр æрбавæййы. Гъеныр уый фæлдурæджджын нæу, уыцы хуыссæг?!

— Раст дæхи хуызæн у дæ хуыссæг дæр, — бахудти Зæлидæ.

— Мæнмæ йæ къахдзæфтæ хъæуы.

— Æмæ стæй цы ми фæкæныс?

— Кæд?

— Хуыссæг дæ куынæ фæахсы, уæд?

— Фæхуыссын.

— Уæлгоммæ фæхуыссыс?

— Цæмæйзон, кæцырдæм фæхуыссын. Алырдæм дæр фæхуыссын.

— Кæд дыл пъæззы ныббады. Уæлгоммæ хуысгæйæ пъæззы бады.

— Цæй пъæззы мыл бады! — йæхи сбустæгæнæг кодта Асбар. — Дæ пъæззы мæнæн мæ фынæй нæ, мæ мардмæ дæр нæ бауæнддзæн.

— Уый, æвæдза, пъæззы бирæ дæ хуызæтты сбынæй кодта. Афтæ дæ сбынæй кæндзæн, æмæ ма дæ сым-сым цæудзæн йæ бынæй.

— Æвæццæгæн дæ кæддæр сбынæй кодта.

— Сбынæй мæ кодта, уæдæ мæ не сбынæй кодта! Уымæй дæр иу хатт нæ — бирæ хæттыты.

— Стæй?

— Цы — стæй?

— Цы ми дын фæкæны, куы дæ сбынæй кæны, уæд?

— Цы ми мын хъуамæ кæна?! — Хылкъахæджы каст бакодта Асбармæ. Асбар дæр æм бакаст æмæ афтæ кæрæдзимæ кастысты. Æмæ йæ сæры амидæг Асбарæн: уыцы пъæззыйæ фест! Æмæ бахудти.

— Гъомæ дæ цæмæ сбынæй кæны, уæдæ!

— Бынæй мæ не скæны, нæ. Ныххуыссы мыл. Хуысгæ дæр мыл нæ ныккæны, ныббады мыл. Дзургæ дæр афтæ куы кæнынц: пъæззы мыл ныббадти.

— Гъомæ «ныббады» дæр фæуæд! Куы дыл ныббады, уæд дын стæй цы ми фæкæны?

— Ницы. Ныббады мыл æмæ мæ змæлын нал фæуадзы.

— Акæсæд-ма йæм исчи! Æмæ ма дыл фæстаг хатт кæд ныббадти?

— Уартæ рувæнты афон. Уыцы бон нæ нартхор рывтам, стæй мыл уыцы æхсæв ныббадт. Афтæ мыл ныббадт, æмæ мæ сулæфыны бон дæр нал уыди. Загътон, мæлдзынæн. Стæй мæ сæры цыдæр ныггыбар-гыбур кодта, цыдæр къæрцц дæр дзы фæцыди, æмæ феуæгъд дæн. Охх, мæ уд куыд æрцыди, куы!

— Уæдæ кæд æрцыди дæ уд, уæд æз цæуын. Мæ зæрдæ дæм нал æхсайы.

— Фæлæуу-ма, Асбар, æмæ, æцæг, æппындæр нæ бафынæй дæ дысон?

— Æппындæр.

— Хуысгæ дæр не скодтай?

— Нæгъ.

— Æмæ цæмæннæ схуыссыдтæ?

— Нæ мæ ‘вдæлди хуыссынмæ.

— Рисгæ дæ ницы кодта?

— Нæ зонын. Чи зоны мæ рысти исты.

Чызг фæйнæрдæм аракæс-бакæс кодта — кæд, исчи йæм куы кæса, уымæй тарст — стæй асинып иу къæпхæн дæлдæр æрхызти.

— Æмæ дæ исты куы рыстаид, уæд æй нæ зонис?

— Нæ зонын. Чи зоны йæ нæ зонин.

— Фæнды дæ — æз дын азардзынæн, æмæ бафынæй уыдзынæ.

— Куыд мын азардзынæ?

— Куыд, куы — дзæбæх.

— Кæд мын азардзынæ?

— Куы схуыссай, уæд.

— Æмæ йæ цæмæй базондзынæ, æз схуыссыдтæн, уый?

— Базондзынæн æй.

— Æмæ йæ куы базонай, уæд мын кæм азардзынæ?

— Цæхæрадоны. Бинонтæ æхсæвæрыл куы ‘рбадой, уæд æз ауылты-ууылты цæхæрадонмæ рауайдзынæн. Уым нæ нартхоры хуымы слæудзынæн æмæ зардзынæн.

Нартхоры хуымы кой йæ зæрдæ бакъуырдта Асбарæн, æмæ йæ гуыпп-гуыпп ссыди йæ зæрдæйæн. Исдуг афтæ алæууыд, стæй бафарста:

— Æмæ мын цы зарæг акæндзынæ?

Зæлидæйы былтæ цыдæр æнувыд змæлд бакодтой, цыма кæрæдзийæн æхсызгон цыдæртæ адзырдтой, уыйхуызæн, стæй загъта:

— Иу зарæг зонын, нырма йæ никуы азарыдтæн, æмæ дын уыцы зарæг акæндзынæн.

— Æмæ йæ кæд никуы азарыдтæ, уæд æй куыд зоныс?

— Зонын æй. Уый дын куы азарон, уæд уайтагъд афынæй уыдзынæ. Уымæн æмæ йæ фыццаг хатт зардзынæн. Æмæ йæ дæуæн зардзынæн.

— Æмæ дæм кæцæй æрцыди?

— Фыны мæм æрцыди.

— Фыны, зæгъыс?

— Чи зоны, бынтон фынæй нæ уыдтæн, фæлæ бынтон хъал

дæр нæ уыдтæн. — Зæлидæ та дыууæ къæпхæныл æрлæууыд æмæ та йæ уæраг разынди йæ къабайы бынтæй, æмæ та йын йæ зæнгмæ кæсыныл фæци Асбар. — Фыццаг æй дæуæн азардзынæн. Æниу æй уыйфæстæ дæр дæу йеддæмæ никæмæн азардзынæн. Колайæн дæр æй нæ зæгъдзынæн.

— Цы?

— Ахæм зарæг зонын, уый. Хорз?

— Хорз, — загъта Асбар æмæ зæхмæ агæпп кодта. Колайы кой кæнын æй нæ фæндыди.

Цыди æмæ йæм иу фæсмон фæзынди — йæ чингуытæ уым куы ныууагътаид! Йе сæ къласы ныууадз партæйы, йе сæ Зæлидæмæ ратт. Гъеныр ацу æмæ сæ рахæсс-бахæсс кæн! Сæхимæ куы цæуид, уæд, бæргæ, фæлæ йæм сæхимæ цæуын нæ цыди, æмæ-иу сæ куы йæ иу къухмæ райста æмæ сæ атил-атил кодта, куы та-иу сæ фæстæмæ йæ дæларм фæцавта.

Цыди æмæ мæстæй хæлди — цæмæ сразы?! Цы хъуыддаг æй уыди къанторы æхсæвиуат кæнынмæ?! Загъта йын æмæ йын зæгъæд! Ныр ын загъта, уый тыххæй!.. Хистæр у æмæ уæд хистæр! Уый йеддæмæ ничи у хистæр! Æфсады уыд æмæ уæд! Чи нæ йæ уадзы! Науæд æй цæмæ кодта? Иунæгæй нæ уæндыди, хæйрæджытæ йæ хордтой иунæгæй! Гъеныр дысон куынæуал рацыдаид сæхицæй, уæд æй цы цæрын хъуыд! Йæ хотæ ‘мæ æфсымæртимæ сæ уроктæ сахуыр кодтаиккой, стæй схуыссыдаиккой. Хуыссæг та йæ, чи зоны, нæ ахстаид, æмæ йæ ма ахсæд! Уæддæр хуыссыдаид... Афтæ ‘нхъæлы, ‘мæ кафын зоны ‘мæ зарын зоны, ‘мæ!.. Куы ракафы ‘мæ чызджы раз йæ худ куы фелвасы кафты фæстæ! Уым та цы митæ кодта, уыцы цæгатаг горæты! Æмæ йын сæ куыд бæстæтты дзырдта, цыма йæ урок дзырдта. Нæ, йæ урок афтæ никуы фæдзуры, урок схæц-схæцгæнгæ фæдзуры. Науæд уыдон дæр цыхуызæн чызг æмæ мад уыдысты! Лæджы азар сыл скодта?! Æви сæ лæджы азар и уыцы цæгатаг горæттæ ‘мæ хъæуты. Æмæ уыдон уынгты дæр баззайæнт, уыцы чызг æмæ мад. Фæлæ Ленæ та, Ленæ?! Кæд гæдыныхæстæ фæкодта? Йæхицæй феппæлыди кæд? Ома ахæм лæппу дæн, гъе? Хъæуы æппæты нымаддæр, æвзæрстдæр чызг дæр ницы у мæнæн. Гыриты цæхæрадоны, дам, сæ нартхоры мидæг, дам... Арв йæ судзгæ цæхæртæ куыд нæ ныккалдта уыцы нартхорыл!

Афтæ, дам, лæууыдыстæм, тигъыл, дам, лæууыдыстæм. Лæугæ кодтаиккой, цæмæннæ лæууыдаиккой, сыхаг лæппу æмæ чызг сты æмæ дзы диссагæй цы ис, иумæ алæууыдысты, уым! Хъазæн ныхæстæ йæм кодтаид, æмæ та-иу бахудтаид. Стæй-иу йæхæдæг дæр баппæрстаид исты хъазæн ныхас Ленæ æмæ-иу уæд та дыууæйæ дæр бахудтаиккой. Ленæ институты ахуыр кодта, фæлæ Кола та æнæуи нымад уыди. Æфсадмæ куы нæма ацыд, уæддæр гъæйтт-мардзæ хъазты лæппу уыд. Куы æрыздæхт, уæд иуцасдæр йæ денджызон дарæсы цыди — уыцы сау хæлаф æмæ хæдон,

уыцы урс худ. Йæхæдæг дæр дзæбæх саухил, фидарæфсæр æмæ фидаруæхск — æнæ фæкæс-фæкæс æм нæ лæууыдысты ‘тас хъæуы чызджытæ. Ленæ горæты ахуыр кодта, уым царди æмæ йæм уый кæцæй кæдæм фæкæс-фæкæс кодтаид! Фæлæ сылгоймæгты дуне хинтæ ‘мæ кæлæнты дуне у — чи зоны-иу æм уый дæр кæстытæ кодта, сабаты-иу куы ‘рбацыди, уæд, хуыцаубоны-иу, цалынмæ нæ ацыд, уæдмæ. Фæлæ йæ уæд никуы бафиппайдтаид Асбар, Гуыбеимæ иу партæйыл куы бадтысты, йæ кæстæр æфсымæримæ Ленæйæн. Сæ уроктæ дæр фылдæр иумæ куы ахуыр кодтой æмæ сæ уыдонмæ куы ахуыр кодтой, Гуыбетæм. Уым-иу сæ раззаг уаты бадтысты. Ленæ-иу сабаты ‘рбацыди, уыцы рæсугъд æмæ-иу сыгъдæгæй æрбацыди. Лæппуты-иу уым куы ‘рбаййæфта, уæд-иу сыл цинтæ кæнынæй нал æнцади — цы йын Гуыбе уыд, цы Асбар! Асбар-иу уроктæй ницуал æмбæрста, кæуылты ма бакастаид Ленæмæ, ууыл-иу сси. Иухатт та, иу сабатизæр куы уыди, уæд та уыцы раззаг уаты бадтысты сæ уроктыл. Афтæмæй Ленæ дæр уырдæм куы бауаид. Скъаппы дуар бакодта æмæ йæ фæстæ балæууыд. Уым, йæ уæлæ цы хæдзарыдаргæ уæгъд къаба уыд, уый фелвæста, стæй, скъаппы цы къабатæ ауыгъд уыд, уыдоны ‘хсæн агурыныл куы схæцид, йæ уæлæ цы къаба акæнынмæ хъавыд, уый. Ныр скъаппы дуары фæстæ дзæбæх нæ цыди. Йæ иу фарс сæрæй къæхтæм зынди, æмæ йыл хæдон кæй нæ уыд, уый дæр куыд нæ зынди! Æрмæст ыл, хæдоны мидæг цы вæййы гъæйтт чызгыл, уыцы дыууæ гыццыл дзаумайы. Гуыбе ницы уыдта — стъолыл багуыбыр, йæ чъылдым скъаппы ‘рдæм, Асбары кæстытæ дæр нæ уыдта, куыд сæ уыдтаид! Асбарæн йæ цæстытæ ирдæй баззадысты, йæ дзых — къæппæй. Уæдæ ма искуы ахæм диссæгтæ æрцыди! Цыма сывæллон уыди Асбар. Æмæ куыд сывæллон уыди! Дæсæм къласы чи ахуыр кæна, уый ма сывæллон вæййы? Кæд, ома Гуыбеимæ иумæ ахуыр кæнынц, ома мæ кæстæр æфсымæримæ. Æмæ ахуыр цы! Ныр иумæ ахуыр кæнынц, уый тыххæй йæ разы гомæй лæууæн и! Æмæ дзы, кæм и, уый дæр байрох и, искуы ма уроктæ и, кæмдæр ма скъола и — цыдæр фесты. Стæй дуне йæхæдæг дæр фæци цыдæр. Уыди ма уæртæ уыцы урсдæллагхъуыр æмæ урс-урсидзæнг чызг. Зæнгтæй йæм иу зынди — æгæр ставд нæ уыди — йæхимæ гæсгæ уыди Ленæйæн: йæхæдæг дæр нæ уыди æгæр ставд, фæлæ лыстæг дæр нæ уыди. Чи зоны, гыццыл ставддæр уыди, астæуккаг чызг цы вæййы, уымæй. Йæ цæстытæ-иу атар сты æмæ-иу тыбар-тыбур систой уæд йæ цæстытæ. Æмæ-иу йæ фæсонтыл риуагъудты урс-урсид бæттæныл куы ‘рхæцыдысты, уæд та-иу æрсабыр сты.

Иуафон ссардта, кæнынмæ кæй хъавыд, уыцы къаба. Йæ сæрыл æртъыссынмæ йыл куы схæцыд, уæд куыддæр æрзылди, скъаппы дуарыл мидæгæй цы кæсæн уыд, уым йæхимæ бакæсын уыд, æвæццæгæн, йæ зæрды, æмæ йæ Асбар иууылдæр ауыдта. Ленæ къаба йæ уæхсчытыл фæуагъта æмæ йæ рахиз къухæй фыццаг йæ иу риумæ бавнæлдта, стæй та йе ‘ннæ риумæ — йæ армы

къуырф сæм бахаста æмæ сæ бауигъæгау кодта. Æмæ Асбармæ афтæ фæкасти, цыма сæ агъудты бараст кæна, уымæ сæм нæ бавнæлдта, фæлæ сыл цыма цин кодта, афтæ дзæбæх, афтæ тымбылтæ йын кæй уыдысты, уый тыххæй. Йæ уæнгтæ ныррызтысты Асбарæн, цыдæр уынæргъын дæр дзы сцæйхауди, фæлæ йæ тых æмæ амæлттæй фæстæмæ нынныхъуырдта. Стæй ærхæцыди къабайыл Ленæ, фæлæ йæ астæуыл цыдæргъуызон фæтыхсти къаба æмæ йын дæлдæр кæнын нал куымдта. Æмæ астæуæй дæлæмæ уыцы урс-урсидæй зынди — æмæ цыма уыцы тымбыл зæнгтæн сæ рухс нал цыди уаты. Иуафон фæкаст Асбармæ, Асбар уымæ кæсы, уый куы ауыдта, уæд æм йæ цæстытæ фæтъæбæртт кодта, стæй йæм фæхудт — нæдæр æмбæхст, нæдæр ærгом худт, æмæ йæ сурхид акалди Асбарæн. Иу хъуыды абадт кæцæйдæр йæ сæры — ныр сыст, бацу уыцы скъаппы размæ, уым дæ уæрджытыл ærхау йæ разы æмæ уыцы урс-урсид тымбыл зæнгтæ нылхъив дæ риумæ. Стæй, цы уа, уый уæд! Фæлæ нæ сыстад æмæ нæ бацыд скъаппы размæ — куыд сыстадаид æмæ куыд бацыдаид! Æмæ уæд йе ‘ргом, Гуыбе цы стъолмæ багуыбыр, — уымæ аздæхта æмæ, йæ улæфт йæ хъуыры абад-абад кодта, афтæмæй йæ цæстытæ чиныгмæ сарæзта.

Уым куы алæудтытæ кодтой, Гыриты цæхæрадоны тигъыл, цæуылдæрты куы ахудтытæ кодтой, æмæ-иу Ленæйæн йæ бахудты фæстæ дæр йæ былтæ худызмæлæй куы аззадысты, уæд æм ма бадзура Кола:

— Уæд та ам уæлæмæ азиликкам?

Ленæ ницы дзырдта. Цæуын æй нæ хъуыд, уый æмбæрста, куыд нæ йæ ‘мбæрста! Æмæ йыл уый фæстæмæ хæцыди, уыцы хъуыды, фæлæ йыл размæ та æндæр цыдæр хæцыд. Уый хъуыды нæ уыд, уый хъуыдыйы ныхмæ лæууыд. Æмæ йæхи раст кæнынмæ фæци хъуыдыйæ — уым гыццыл суайдзысты ацы изæрмилты æмæ фæстæмæ фездæхдзысты. Изæрмилты ам уæлæмæ азилдзынæ, уым æвзæрæй цы и! Æмæ фезмæлыд йæ бынатæй.

Нарæггомау ссæуæн уыд дыууæ кауы астæуты — Гыритæ æмæ Уыбаты кауты астæуты. Иу ран Гыриты каумæ асин æвæрд — цæй асин! Дыууæ ставд хъилы кауыл бахъил чындæуыд, стæй сыл чидæр æндзарæнты стæвдæн тымбылтæ æрхуыдта зæгæлтæй. Куы йæм схæццæ сты, уæд Кола ærлæууыд. Ærлæууыди Ленæ дæр.

— Мæнæ цы дзæбæх асин и! — дзуры Кола. — Цæй æмæ йыл схизæм.

— Цæмæ? — цыдæр тас фæзынди йæ зæрдæйы æмæ зæрдæйы къултæ ныххоста уыцы тас, стæй дзы æнахуыр æхцон схæлбурцъ кодта æмæ йæ уæнгтæ ризын байдыдтой уыцы хæлбурцъæй.

— Слæууæм кауыл.

— Цæмæ?!

— Фæйнæрдæм дзы акæсæм. Хауынæй ма тæрс, æз дыл хæцдзынæн. Тæрсгæ æппындæр ма кæ, — йæ иу къухæй йын йæ

цонгмæ бавнæлдта æмæ йыл бахæцыд асинмæ. Уым ын йæ цонг йæ астæуыл æрбатыхта, йæхимæ йыл æрбахæцыд, йæ риумæ йæ æрбалхъывта, уыцы тымбыл риутæ йын æрбахæцыдысты йæ риуыл æмæ фæд-фæдыл цалдæр уæззау уынæргъыны схауд йæ хъæлæсæй. Ленæйыл исдуг ризæг бахæцыд, стæй гæртт-гæртт кæнын байдыдта, йæ бон сдзурын нал уыд, йæ сæр ма æнæбары радав-бадав кодта дыууæрдæм. Уæд æй йæ хъæбысмæ фелвæста, суади уыцы цæхгæрмæ хуыд хъæдтыл æмæ цæхæрадонмæ ныггæпп кодта.

Афтæ сæ радзырдта æмæ сæ афтæ бадардта йæ зæрдыл Асбар. Куыд нæ сæ бадардтаид! Æхсызгон ын уыд, æвæццæгæн, сæ дзурын æмæ сæ афтæ лыстæггай уымæн дзырдта. Уым, дам, ын нартхоры хъæдты астæу йæ зæнгтæ куы абæгънæг ластон — уо дунескæнæг! Уыдон цы урс тæмæнтæ калдтой уыцы изæрдалынгты.

Æмæ куыд бацин кодта, куы йын загъта Кола, уæд! Уый равзæрста уыйæппæт лæппуты ‘хсæн! Чи зоны, къантормæ æввахс кæй цæрынц, уый тыххæй дæр æй равзæрста, æмæ йæ равзарæд уый тыххæй дæр. Уæддæр уый равзæрста!

Урокты фæстæ æддæмæ куы рацыдысты, уæд æм йæ къух фæтылдта. Уый йæм бауад.

— Ахсæв-ма мемæ цом.

— Кæдæм? — фæрсгæ дæр ма йæ цæмæн кодта, уæддæр куы ацыдаид — кæдæмфæнды йæ кæнæд!

— Тæрсгæ ма кæн. Къæрныхы нæ цæуæм. Мæ фыды бæсты æхсæвгæс уыдзынæн колхозы къанторы. Мæ фыдæн йæ хойы чызгыл дзурæг и, ахсæв сæм хатджытæ уыдзæн. Æмæ мæ иунæгæй нæ фæнды. Æнкъард у иунæгæй. Дыууæ куы уаиккам, уæд бирæ фæныхæстæ кæниккам.

Сæхимæ куы загъта, ахсæв Датийы бæсты Колаимæ колхозы къантор хъаггæндзысты, уæд мад æмæ фыд цин дæр бакодтой. Фыд фыццаг йæ сæр разыйы ‘нкъуыст фæкодта, стæй загъта хъæрæй:

— Хъæбæртæ гуырд у Датийы фырт.

Æмæ йæм мад дæр уайтагъд баппæрста йæ ныхас:

— Гъæй, мæ уд акæнай! Тæхудиаг нæу, уый цы мад ауызта!

— Уæдæ! — загъта та фыд хъæрæй æмæ ууыл фæци сæ ныхас.

Колхозы къантормæ куы фæцæйхæццæ кодта, уæд æрлæууыд. Ардæм æрбацæуа, уый йæ фæсонæрхæджы дæр куынæ уыд, уæд æй цы хæйрæджытæ æрбамидæг кодтой ардæм! Æмæ йын уæнгæлад куы скодта дысон, æмæ йæ тæфтыл ацæуынмæ дæр куы нал хъавыди, уæд ма ныр цæмæ ‘рбасхъæл?!

— Хæстæг-ма рауай, уо Самсейы фырт! — хъуысы йæм Датийы хъæр, фæлæ йæм цыма нæ хъуысы, афтæ лæууы: кæд ын гæнæн фæуаид æмæ фæстæмæ аздæхид. Æмæ куы йæ чингуытæм æркæсы, куы уырдæм бакæсы, къанторы агъуысты размæ. Уартæ агъуысты раз, иу дурæй иннæ дурмæ цы фæйнæг æвæрд уыд, ууыл фæрсæй-фæрстæм бадынц Дæццо æмæ Дати. Дæццо уым

царди, къанторы ныхмæ цы ныллæг самандур хæдзар уыд, уым. Æмæ ‘ппынæдзух уым бадт, уыцы фæйнæгыл, иунæгæй дæр-иу дзы бадти. Ныр Датийы фарсмæ бадти, дзæбæх йæхи аккаг гуыбыр баци, афтæмæй. Дати, æвæццæгæн, абон дæр фездæхти йæ хомæ æмæ йæхи бадзæбæх кодта — афтæ фæзынди Асбармæ, æгæр хъæрæй йæм кæй радзырдта, уый тыххæй.

— Рауай, рауай! — радзырдта йæм ноджы хъæрдæрæй æмæ йæм йæ къух дæр фæтылдта. Æмæ феккуырсти Асбар. — Цу-ма, ма базивæг кæн, уæртæ мидæгæй донгарз райс æмæ нын Дзылыты суадонæй дон æрбадав уæртæ. Стæй дæ чындзæхсæвы чи ныззылдтытæ кæна, уый мæнæ æз æмæ Дæццо. Æццæй, Дæццо, нæ ныззылдтытæ кæндзыстæм?

— Ныззылдтытæ кæндзыстæм, цæмæннæ ныззылдтытæ кæндзыстæм! — ныззылдтытæ кæнын нæ, фæлæ цыма исты зæгъынмæ дæр зивæг кодта, ахæм хъæлæсыуагæй дзуры Дæццо. Æмæ йæ ныр та, куы сæм бацæуид, афтæ æрфæндыди, куыддæр æм дыккаг дзырд ракодта Дати, афтæ йæ æрфæндыди — бацу сæм, сæ цуры æрбад уыцы даргъ фæйнæгыл æмæ бад! Кæд исты дзурой, уæд сæм хъус, кæд ницы дзурой, уæддæр, цыма дзурынц истытæ æмæ уыдонмæ хъусыс, афтæ бад. Фæлæ не ‘рбадти сæ цуры, мидæмæ бацыд æмæ, дысон цы тæрхæгыл хуыссыд Колайы фарсмæ, уый уæлхъус æрлæууыд, марды уæлхъус куыд æрлæууынц, афтæ. Стæй йæм йæ чингуытæ æрæппæрста.

Уыцы дзæбæх ныхæстæ кодтой исдуг. Кола скъоламæ рагæй нал цыди, æфсадмæ йæ нæма акодтой, уæддæр нал цыд. Æмæ йын ахуыр кæнын зын уыди, ноджы иннæтæй стырдæр уыди, æмæ-иу урок дзурын куынæ фæрæзта, уæд-иу куыд стыхстис, уыдæттæ-йедты кой кодта. Ныууадзин, дам, ме скъола, фæлæ, дам, цæрæнбонты мырхын кæй бон бауыдзæн. Кæд, дам, исты хыгъдхæссæгыл уæддæр сахуыр кæнин. Асбар ма йын тæригъæд дæр фæкодта. Уыйфæстæ адзæгъæл сты скъолайæ, денджызы куыд рацу-бацу кодтой уыцы стыр науыл, уыдæтты кой фæкодта. Стæй ма чызджыты коймæ цæмæ хызти, кæдæм ма сыдзмыдзы цыди!

Асбар ма иуцъус алæууыд тæрхæджы уæлхъус, стæй, йæ нывæрзæн цы рудзынг уыд тæрхæгæн, уый дæлвæйнæгæй цайдан райста. Сæр нæ уыди цайданæн, æмæ йæ къах цыма тынгдæр схъæл уыд, афтæ зынд.

Лæгты рæзты куы рацæйцыд, уæд та йæм бадзырдта Дати:

— Йедзаг-иу æй бакæ, йедзаг, Доччийы дæр ардæм хъæуы æмæ уый фаг дæр куыд ысуа.

Асбар фæлæууыд æмæ Датимæ бакаст.

— Доччийы нæ зоныс?

— Кæй Доччийы?

— Дæлæ Гузалаты.

— Цæмæннæ йæ зонын.

— Зондзынæ йæ… Боныгон уый куы кусы ам. Ныр æз уый

бæсты дæн, уыййеддæмæ мæн ам цы хъуыддаг и! Фæлæ, дам, мæ бæсты фæлæуу, æмæ йын афтæ куыд загътаин: нæ лæууын!

Асбар ма уæддæр алæууыд гыццыл, стæй ацыд. Доччийы зыдта, куыд нæ йæ зыдта! Раздæр уалæ тракторы бригады куыста, бирæ, дам, хæры Доччи. Иухатт, дам, æй трактористтæй чидæр афтæ бафарста: ныр, дам, дын, Доччи, афтæ стоболшæй дæ разы куы ныккаликкой, уæд, дам, цас бахæрис? Уый йæ, æвæццæгæн, хъазгæмхасæн бафарста, тракторист лæппу. А Доччи та, дам, ын иттæг зæрдиаг дзуапп дæттынмæ фæци:

— Æмæ гъеныр хæринаг куынæ тæвд уа, куынæ — хъæбæр, уæд дзы лæг, цæмæйзон, цас бахæрдзæни.

Æгас хъæуыл айхъуысти Доччийы бындары дзуапп. Цъиутау æй уасыдысты.

Ныр та ам куыста, колхозы къанторы. Дуаргæс уыд. Кæд, уæрдæттæ кæнæ машинæтæй исчи фæзына, уæд ын дуар бакæ, стæй куы бацæуа кæртмæ, уæд та сæхгæн дуар.

Æмæ уый дон дæр, цæмæйзон, цас баназдзæн. Æмæ йæ фæстæмæ цæуын куы бахъæуа! Цыди æмæ йæ афтид цайдан атилатил кодта, æмæ йæ хъæд, цайданы тасмачъи хъæд, хъустыл кæм хæст уыди, уыцы рæттæн сæ мынæг хъыррыст-хъыррыст цыд. Хъуыста уыцы хъыррыст-хъыррыстмæ Асбар æмæ йæ æрфæндыд, тынг æй фæндыд — уыцы хъыррыст-хъыррыст афтæ тынг куы хъуыстаид, æмæ, дунейы цыдæриддæр хъыррыст-хъыррыст и — иууылдæр сæ йæ быны куы фæкодтаид.

Суадоны сæрмæ уыцы уæлвæзы — хуртуан. Хуртуаны нывæрзæн дæргъкъахæй бады Бадиккæ, йæ хъæбысы арфы иу уæлæнгай хъæдын къус, æмæ та дзы æлхуыйы бырынкъ нызыррытт кæны. Гъæйттæй ælвисы Бадиккæ.

— Мæнæ ма мæхи Асбары федтон! — йæ тæбыны тагау даргъ ауагъта йæ ныхас Бадиккæ. — Мæ хъæбыс йедзаг у, æндæра дын стгæ дæр скæнин.

— Цæмæй йедзаг у дæ хъæбыс? — фæрсы Асбар, базары, «цас кæныс дæ гогыз» куыд бафæрсай, афтæ.

— Нæ уыныс — къус, уæдæртт, тæбыны дзаг æлхуый. Цы ма вæййы!

Асбарæн æхсызгон нæ уыд, Бадиккæйы ам кæй æрбаййæфта, уый — йæ зæрдæ æлгъæд уыди йæ ныхæстæй. Уæддæр слæууыд йæ разы æмæ касти Бадиккæмæ.

Бадиккæйæн фыццаг йе ‘рфгуытæ базмæлыдысты, йæ бæзджын сау æрфгуытæ, цыдæр разæнгарды змæлд бакодтой, стæй бахудти.

— Гъомæ усгур куыд æрæгмæ кæныс, усгур! Гъеныр ай судзгæ мардæрцыд нæу?! Æз та дæумæ бадынмæ хъавыдтæн, мæнæ, зæгъын, алæг уыдзæн æмæ мæ аскъæфдзæн, къæсæрæй дуармæ мæ цы скъæфын хъуыди! Æмæ, зæгъын, нæхи сыхы цæрдзынæн.

Афтæ куы загъта, уæд йæ куыстмæ аздæхти Бадиккæ.

Асбар æм ницы дзырдта. Бадиккæйæн йæ цонг куыд айтынг

æмæ тæбыны хал куыд айвæзта йæ фæдыл, уымæ каст. Стæй дзы æнæнхъæлæджы схауди:

— Чи дæ аскъæфтаид хъуамæ?

— Ды, æндæр чи!

— Цæмæ?

— Куыд цæмæ? Чызджы цæмæн аскъæфынц, уый нæ зоныс?

— Фæлæуу-ма, æмæ дæ хуртуан кæнын ардæм æрхастай?!

— Уый хуртуан нæу, нæ, мæ гыццыл уарзон. Уый, цæмæй йæ дон æрлæдæрса, уый тыххæй йæ æркодтон ам. Æмæ мын ыл бустæтæ ма кæн, чъириаг мæнæу мын у, Лæгтыдзуары стырбонмæ.

— Фæлæуу-ма, Бадиккæ, сывæллæттæ дæр дын ис?

— Цæмæннæ мын ис! Цы хъуаг дæн?

— Цал дын сты?

— Цал мæ фæндыд, уал.

— Æмæ дæ цал фæндыд?

— Уый мæхи хъуыддаг у! Æмæ мын алцы ма дзурын кæн мæ чъириаджы цур! — Стæй батыхсæгау кодта Бадиккæ, йе ‘лвисын дæр фæуагъта. — Тагъддæр-ма астыр у, аусгур-ма у тагъддæр.

— Куы аусгур уон, уæд цы?

— Уæд мæ лæджы ныууадзин æмæ дæ фæдыл алидзин.

— Кæдæм?

— Кæдæм дæ фæнда, уырдæм.

— Куы никуыдæм мæ фæнда, уæд та?

— Фæндонæй дын нал уаид.

— Цæмæннæ?

— Нал дын уаид ‘мæ уымæн.

— Уæдæ хорз, — загъта Асбар æмæ цайдан цыхцырмæ бадардта.

Цайдан байдзаг и, йæ былтæй калди дон, уæддæр ма лæууыди Асбар æмæ комкоммæ касти, дон цайданы былтæй куыд калди, уымæ. Стæй раздæхт, цайдан æгæр йедзаг уыди æмæ та-иу йæ къахæй рацыхцыр кодта дон.

Уæд науæй былмæ куы рахызтысты — æнæхъæн æхсæз мæйы фесты балцы — æнæхъæн æхсæз мæйы дæ цæст сылыстæгыл ма схæцæд — цы ми хъуамæ кодтаиккой, уый хуызæн сылыстæгмысæн кары чи уыди, уыцы лæппутæ! Æмæ, дам, ныссуцца сты, хъазæн ныхас ма сæ искæй дзыхæй сирвæзтаид, уый нал уыд, ныхъхъуынтъыз æмæ ныддæлтъур сты. Кæрæдзимæ хæцаг галы кæстытæ кодтой. Ныр наулæууæны фæзмæ куы ракалдысты сæ бæрæгбоны дарæсы, уæд дзæгъæлтæ кодтой сылгоймæгты фæстæ сæ цæстытæ. Æмæ-иу горæты дæр зыдтой, нау кæд æрбацæудзæн наулæууæнмæ, æмæ-иу къухбакæнæн нал уыди наулæууæны фæзы сылгоймагæй — устытæ, чызджытæ, нырма къаннæг чи уыди, скъоламæ чи цыди нырма, ахæмтæ дæр. Æмæ се ‘ппæт, нæлыстæгыл фæхæст уа, уый тыххæй нæ цыдысты — æвæццæгæн, уый фæтк уыди наулæууæн горæтты цæрджытæн: нау æрбацæуы, уæд йæ размæ ракæс!

Иу-цалдæрæй йыл амбырд сты æмæ сæ уый хъихъдзыхæй

фæуагъта, цыдæр даргъ ном ын уыди — Капиталинæ, цыбырæй Капæ. Йæ дæларм ын йæ цонг фæцавта, иннæтæм ма фæстæмæ иу каст фæкодта, йæ къухæй дæр сæм цыдæр ацамыдта, æвæццæгæн, ома — уæ цæст нын æвзæрæй мацы бауарзæд!

Дыууæцæстон фатер сын уыди. Уыдон мидæггаджы хуыссыдысты — Капæ æмæ Кола, мад та æддаджы. Нырма арты хуызæн сылгоймаг — цы йæ фезмæлд, цы йæ цæстыты фæтъæбæртт. Цыма йæ мад нæ уыд, фæлæ йæ хистæр хо уыди. Цы гыццыл фынг ын ацарæзтой, ууыл куы сбадтысты, уæд дæр-иу цæхгæр змæлдтытæ фæкодта. Колайыл дæр-иу йæ цæстытæ æрхаста, стæй-иу æнцой нал зыдтой йæ цæстытæ.

Фынæймæ ма сæ цастæ рæвдæлдаид уыцы мидæггаг уаты! Афтæмæй-иу йæ цины хъихъхъытæм куы бахæццæ Капæ, уæд-иу ын йæ арм авæрдта йæ былтыл Кола — мадмæ куы фехъуысой уыцы хъихъхъытæ, уæд цы зæгъдзæн! Æниу, цы хъуамæ загътаид — нæ йæ зыдта, цы ми кæнынц, уый!

Райсомæй раджы фестади чызг — дуканимæ, дам, ауайон æмæ, дам, аходæнæн истытæ ‘рбадавон. Сынтæгæй уыцы цъæхдзаст æмæ сырхуадулæй куы рагæпп кодта, æмæ йын йæ гом зæнгтæ уыцы уæлиауæй куы ауыдта Кола, уæд та йæм йæ зæрдæ ма бахъаза! Фæфæнд кодта — рагæпп æм кæна, рацахса йæ æмæ йæ фæстæмæ бадава сынтæгмæ. Цæй дукани æмæ цæй аходæн! Æмæ йæм рагæпп кодтаид, фæлæ мадæй аргъуыц кодта — ныр бон у ‘мæ уæд та ‘рбакасти мидæмæ!

Уый ацыд, Кола йæ цæстытæ кæрæдзийыл авæрдта, афтæ дуары хъæр фæцыд, æмæ фестъæлфыд Кола — куыд тагъд фездæхти уыцы дуканийæ! Ракасти æмæ дæлæ дуаргæрон йæ мад Капæйæн, хуыссæны куыд уыди, уымæй уæлдай йæ уæлæ ницы ‘рбакодта, афтæмæй лæууы. Кола йæ цæсгом амбæрзта хъæццулæй, — уæдæ дысон-бонмæ ам цы митæ кодтой йæ чызгимæ, уыйфæстæ ма йæм цы цæсгом равдыстаид! Уый йæм йæ фæлмæн дзабырты фæлмæн-фæлмæн бацыди æмæ йæ уæлхъус æрлæууыд, æмæ йæм цыдæр разæнгардгæнæг хъæлæсæй дзуры:

— Куыдтæ дæ, хæххон цæргæс? Капæ дæ хъыджы ницæмæй бацыд? — дзургæ-дзурын ын йæ хъæццулыл ма ахæца. Уый та фæстæмæ амбæрзта хъæццулæй йæ цæсгом. Уæд æм ныггуыбыр кодта æмæ йын йæ хъусы дзурæгау дзуры: — Æри-ма, дæ баз дын бараст кæнон, ныззылынтæ и дæ баз, — йæхæдæг ыл йæхи ауагъта, йæ риутæй йыл нынцади сынтæгмæ æмæ йын цыдæр арф æмбæхст хъæлæсæй ма басыбар-сыбур кæна йæ хъусы: — Фалдæр-ма бакæн, Капæ ницы базондзæн, нæ дукани уартæ кæм и! Æмæ уый цалынмæ фæстæмæ здæха!..

Фыццаг уыдоны хабæрттæ фæкодта, чызг æмæ мады хабæрттæ. Æмæ йæм, иууылдæр хъустæ фестади, афтæмæй хъуыста Асбар. Куыд нæ йæм хъуыстаид! Исчи дын ахæм хабæрттæ кæнæд! Уымæй дæр, æрыхъусгæ хабæрттæ куынæ уой, фæлæ, йæхиуыл цы ‘рцыд, ахæм хабæрттæ! Æмæ дын сæ Кола куы кæна,

демæ чи ахуыр кæны, йæ урок хорз дзурын чи нæ фæзоны, фæлæ йæ зард æмæ йæ кафтæй хъазт кæмæн сфидауы. Ды та Асбары карæн куы уай, сылгоймаджы урс дæллагхъуыртæм дæ цæстытæ тыбар-тыбур кæнын куы райдайой. Куы фæцæйцæуа, уæд æм фæсте кæсгæйæ куы аззайай!

Фæлæ йæм Кола æндæргъуызон кæсын байдыдта, бынтондæр æндæргъуызон. Кæсæд-ма йæм исчи — цы митæ кодта! Æмæ ма уæд цы цæсгомæй балæууы фæндырдзæгъдæджы цур æмæ цы цæсгомæй базары фæндыры цагъдмæ! Цы цæсгомæй фæдзуарæвæрдтæ кæны йæ зæнгтæ чызджы раз уыцы тымбыл кафты!

Æцæг Доччи дæр ссыди уæдмæ. Æртæйæ бадтысты фæрсæйфæрстæм уыцы тъæпæн фæйнæгыл. Дати — астæуæй, Дæццо æмæ Доччи та йæ фæйнæ фарс. Датийы къухы уыди, дыдæгътæй æвæрд чи фæци æмæ ныр кæй рараст чындæуыд, ахæм газет. Дæццо æмæ йæм Доччи фæйнæрдыгæй сæ къубæлттæ байвæзтой.

— Уым махыл цы цин фæкодтой, уый йæ цыты уазджытыл дæр ничи фæкæндзæн. Уыцы районы хицау чи у, уый! Мæ къух мын нал æмæ нал уагъта, хæцыд ыл æмæ йæ тылдта ‘мæ тылдта.

— Кæцы сæ уыдаид? Районы цал æмæ цал хицауы ис, ацу ‘мæ сæ базон, — загъта Доччи.

— Гæррæтт, се ‘ппæты хицау иу йеддæмæ нæу, — загъта хъæрæй Дати.

— Сæхмæт нæ хуыйны, æццæй, Дæццо, и, се ‘ппæты хицау? — йе ‘ргом аздæхта Дæццомæ Доччи.

— Кæд нæ. Кæд а Бердыхъо у се ‘ппæты хицау, — загъта гуырысхогæнгæ Дæццо æмæ та къаммæ аздæхта йе ‘ргом.

— Ай мæхæдæг дæн мæнæ, — йе ‘нгуылдз къаммæ ныццарæзта Дати. — Ай — нæ лæппу.

— Кола, нæ? — бафарста Доччи.

— Кола, Кола, уæдæ чи! — загъта хъæрæй Дати. — Ай та — нæ хистæр чызг.

— Иу, дам, дын дзы кæмдæр æмбисонды хорз ахуыр кæны дæ чызджытæй.

— Ай у, ай. Уас мын æххæстахуыр дæр афтæ куы суаид. Æнæхъæн къласы дзагæй иуы нæ уадзы йæ разæй. Уæдæ!

— Æмæ дæ ныр цæмæй афæрсон? — йæ бадæны æрзилæгау кодта Дæццо. — Цæгъдгæ дæр дæхæдæг кодтай?

— Цæгъдгæ дæр мæхæдæг кодтон, уæдæ цæгъдæг æххуырсгæ бакодтон! — загъта та хъæрæй Дати. — Мæнæ нæ кæсыс — мæ къухты и фæндыр! — Дати, газет куыд дыдæгътæ уыд, афтæ бадыдæгътæ кодта фæстæмæ æмæ йæ йæ хæдоны дзыппы нывæрдта. Стæй айста Асбарæй цайдан. Асбар радта цайдан, йæ къухтæм æркаст æмæ, афтид сты йæ къухтæ, уый куы федта, уæд араст сæхимæ. Ныр тагъд баталынг уыдзæн, æмæ схуысса, кæддæра йын æцæг азарид Зæлидæ. Азардзæн ын, нæ йын фæуыдзæнænæ азаргæ. Нартхоры хъæдты ‘хсæн слæудзæн æмæ зардзæн. Хъæрæй нæ зардзæн, æмæ цæмæн хъæуы хъæрæй зарын!

Сабыр куы зара, уæд æм ноджы хуыздæр куы байхъусдзæн. Æмæ йæм, зæгъæм, уый байхъуыста, Кола, уæд та? Зæгъæм, æддæмæ рацыди, тыргъмæ, уæд æм нæ байхъусдзæн? Куыд нæ йæм байхъусдзæн?! Æмæ йын уæд афтæ нæ зæгъдзæн: уыдон дын цыхуызæн зæрдтытæ сты, мæнæ чызг? Куыд нæ йын зæгъдзæн?! Æмæ уæд цы хъуамæ зæгъа Зæлидæ?! Ноджы уыцы зарæг! Никуы йæ хъусгæ фæкодта, никуы йæ кæсгæ бакодта! Иухатт ын дзы гыццыл азарыд, цыма йæ уымæн нæ зарыд, цыма йæ æнæуи зарыд, афтæ. Дыууæ рæнхъы йын дзы азарыд æви иу рæнхъ æмæ 'рдæг... Фылдæр ын дзы кæй нæ азарыд, уымæ гæсгæ йæм йæ хъус не 'рдардта.

Уыцы хабæрттæ йын куы фæци конд, Ленæйы хабæрттæ, уæд уайтагъд афынæй. Йæ фарсыл азылд, йæ чъылдым уыйæрдæм куыд фæуа, афтæ, æмæ афынæй. Хорз уыди, æмæ афынæй. Куынæ афынæй уыдаид, уæд куыд сыстадаид йæ цурæй æмæ куыд рацыдаид?! Æнæ рацæугæ та йын гæнæн нæ уыди. Куыд ын уыди æнæ рацæугæ! Гъо, уый йын йæ урс зæнгтæ æрмæст кæсæны раз ауыдта, уый та йын сæ бæгънæг акодта, хæрз бæгънæг Гыриты нартхоры хуымы. Фæлæуу, æмæ йын, цымæ, йæ быны ницы бакодтаид? Бакодтаид ын. Йæ пинджак фелвæстаид. Фæлæуу, æмæ-иу ыл уæд пинджак дæр куы нæма уыди, уæд ма, йæ уæлæ кæй æрхаста, уыцы хæлаф æмæ хæдоны куы уыди! Æмæ йын уæдæ ницы бакодта йæ быны?! Афтид зæхмæ йын æруагътаид хъуамæ йæ фæсонтæ?!

Æмæ ныр йæ фарсмæ куы хуыссид, бæргæ!

Æрхызт уыцы тæрхæггондæй. Йæ дзабырты йæ къæхтæ атъыста æмæ уынджы балæууыд. Уынгтæ уыдысты талынг, — цы иугай цырæгътæ сæ фæсудзы, уыдон уыдысты хуыст, æмæ æхсызгон уыди Асбарæн — цырæгътæ хуыст кæй уыдысты, уый дæр ын æхсызгон уыд æмæ, сæ хуыссын кæныны афон кæй æрцыди, уый дæр — цырæгътæ иуæндæс сахатыл фæхуыссын кæнынц. Æмæ ныр хъæу фынæй у, уынгтæ афтид сты æмæ дæ цас фæнды, уыйбæрц рацу-бацу кæн. Йæ сæр ыл цыдæргъуызон уæз кодта, мæнæ цыма гыццыл лæппу уыд æмæ йын йæ сæрыл стыртæй кæйдæр уæззау худ ныккодтой. Фæцудыдта-иу цæугæ-цæуын æмæ дис кодта — цы кæна йæ сæр? Уæддæр цыди. Иуафон йæхи æрæмбæрста — мæнæ Гыриты тигъ. Гъæ-гъæ! Уæдæ ам лæууыдысты, ам! Ам ныхæстæ кодтой. Фылдæр хъазæн ныхæстæ, худын чи бакæна адæймаджы, ахæм ныхæстæ. Æндæр ныхæстæ дзы цæмæн хъуыд! Чызг æмæ лæппу уыдысты, æмæ дзы æндæр ныхæстæ нæ хъуыд. Æмæ, цымæ, бирæ фæлæууыдысты ам? Изæрмилтæм дзы фæлæууыдысты, æвæццæгæн. Изæрмилтæ нæма уыди, куы райдыдтой лæууын, уæд, æмæ изæрмилтæм фæлæууыдысты, стæй ацыдысты. Азылдысты ам уæлæмæ стæй. Сабыргай цыдаиккой, фæрсæй-фæрстæм цыдаиккой. Куы-иу адзырдтаиккой истытæ, куы та-иу æнæдзургæйæ цыдаиккой.

Æмæ цыди дыууæ кауы 'хсæнты уæлæмæ Асбар. Мæнæ уыцы

бындарæй баззаинаг асин! Уый чи сарæзта, уый Хуыцауы цæф хъуамæ ма фæуа! Уæдæ йæ кæдæм арæзта, цæмæн бахъуыди каумæ асин æвæрын! Фæлæ, ома нæ цæхæрадон у æмæ йæм, ома ауылты дæр уа бацæуæн, цæмæннæ йæм уа, ома?! Æмæ схызти асиныл, æртæ хъæлы уыдысты æмæ сыл иугай схызт, йæ сæрмæ куы слæууыд асинæн, уæд ын йæ сæр фæуæз кодта, æмæ йыл мидæгæй цы хъæлтæ хуыд уыди, уыдоныл дæр ныууади. Уый дзы, куыд дзырдта, афтæмæй гæпп ныккодта. Цæмæннæ гæпп кодтаид, Ленæ йæ хъæбысы уыди, æмæ уæд цы хъæуы гæпп кæнын! Нæ, уый раст нæу — алчи не ‘ргæпп кæндзæн. Ленæ рог уа, уый гæнæн нæй. Куыд хъуамæ уа рог! Уыцы тымбыл зæнгтæ, лыстæг тымбыл нæ, ставд тымбыл. Бынтон ставд дæр нæ. Æмæ бынтон ставд цæмæ бæззы зæнгæй! Ленæйы зæнгтæ, куыддæриддæр хъæуы, афтæ сты — нæдæр æгæр лыстæг сты, нæдæр æгæр ставд. Æмæ ныггæпп кодтаид Кола.

Нартхоры хъæдтæ бæрзонд фæцыдысты, сæ фæрстыл фæйнæрдæм хъилæй лæууыдысты æндзарæнты хуызæн æфсиртæ. Æмæ та-иу сыл иуварс ахæцыди Асбар. Мæй нæ касти, фæлæ уыйбæрц талынг нæ уыд. Асбармæ афтæ зынди, цыма ам, нартхоры хъæдты ‘хсæн рухсдæр уыд, æдде, уынгты куыд уыд, уымæй. «Æвæццæгæн, хæдзæрттæ аууон дардтой уынгтæм» — хъуыды кодта Асбар. Ам та нартхоры хъæдтæ рухс дарынц кæрæдзимæ.

Мæнæ иу ран иу-цалдæр нартхоры хъæды — фæлдæхт. Раджы сæ афæлдæхтæуыд, æфсир дæр куы нæма рафтыдтой, уæд. Æмæ, цымæ, уыдон кæд уыдысты ам? Уый йын нæ загъта. Цымæ йын цæмæннæ загъта уый? Уæдæ ам уыдысты, ам! Ардæм æй æрбахаста йæ хъæбысы. Стæй йæ ам æруагъта зæхмæ. Сабыр æй æруагътаид, йæхæдæг йæ зонгуытыл лæууыдаид, афтæмæй йæ бæгънæг кодтаид… Стæй йæ иугæр куы абæгънæг кодта, уæд ыл йæхи æруагътаид. Уыцы тымбыл риутæ! Иухатт сæ сæхимæ кæсæны раз куы æрысгæрста, афтæ тымбылтæ. Æмæ йæ кæуын нал баурæдта Асбар. Лæууыди ‘мæ куыдта. Хъæрæй нæ куыдта, фæлæ сабыр дæр нæ куыдта. Афтæ куыдта. Дыууæ кауы астæуты чи фæцæйцыдаид, уый базыдтаид — уартæ Гыриты нартхоры чидæр кæуы. Уыйонг хъуыстаид, уымæй фалдæр — нæ. Стæй бафæллад лæууынæй, æмæ йæм афтæ фæзынд — кæугæ кæй кæны, уымæн бафæллад, æндæра кæугæ куынæ кæнид, уæд нæ бафæлладаид. Æмæ афæнд кодта — ацæуа. Ацæуа сæхимæ ‘мæ схуысса. Фæлæ та уыцы асиныл схиза! Нæ, уыцы асиныл хизын æй нæ фæндыд æмæ, куыд лæууыд, афтæ ‘рбадти йæ бынаты. Йæ уæрджытыл æрбахæцыд йæхимæ, йæ цæнгтæ сыл æрбатыхта æмæ бадти, æмæ куыдта. Иуафон ауыдта: колхозы къанторы раз уыцы фæтæн уынджы астæуты, сæ цæнгтæ сæ кæрæдзийы уæхсчытыл æрбавæрдтой, афтæмæй æрбацæйцыдысты Доччи æмæ Дæццо. Дæццойы къухы — цайдан, уый сын дон кæм æрбахаста, Асбар, уыцы цайдан. Цыдысты æмæ зарыдысты.

«Гал-ма мын авæр, хуымы гал,
Мæ кæсгон гал, дам, нал хæцы».

Уый Дæццо базарыд афтæ, ныллæг хъæлæсæй базарыд, фæсус хъæлæсæй. Уæдæ Дæццойы бон æндæр куыд уыди базарын! Стæй йæ хæдуæлвæд ныннæрыд Доччийы хъæлæс. Гъæ, бындары Доччи фæуай, кæд дæ кæцæй схауд уыцы хъæр!

«Ба-ма мын акæ, дзыхы ба,
Мæ цæсгом дæр дæм нал хъæцы!»

Лæгты фæстæ, уартæ Дзылыты суадоны ‘рдыгæй, йæ игæргъуыз къаба æмæ йæ урс раздарæны æрбадугъ кæны Зæлидæ. Йæ тъæпæн арм йæ былты кæрон авæры æмæ та ныхъхъæр кæны: «Ма кæнут уыцы зарæг! Уый сымах аккаг зарæг нæу, нæ уыл фидауы!» Лæгтæ йæ, æвæццæгæн, нæ хъуыстой æмæ сæ зарды кой кодтой. Æмæ фæтæригъæд кодта Зæлидæйæн Асбар. Лæгтæм та мæсты æрбаци — уæдæ кæдæм кæнынц уыцы зарæг! Æмæ, цымæ, Дати кæм и? Уымæ байхъусиккой, уый сын куы зæгъид, уæд ныууадзиккой сæ зарын. Уый сын уайдзæфтæ дæр бакæнид. Ома уыцы джидзæггаджы зарджытæ цы кæнут, кæд зарут, ома, уæд Пухаты Иликъойы зарæг акæнут. Сыгъдæг булкъонтæй фынддæс чи рамардта, уый зарæг, гъе! Æмæ ‘рсабыр уаид Зæлидæ.

Стæй кæсы Асбар æмæ — нартхоры хъæдтæ: нартхоры хъæд, нартхоры хъæд, æндæр æппындæр ницы. Уыцы растæй лæууынц. Йæхæдæг та иу фарсыл хуыссы æмæ сæм афтæмæй бынты кæсы. Æмæ сыстади Асбар, фыццаг бадгæ скодта, стæй та стгæ, æмæ бараст и, асин кæм уыди, уырдæм. Стæй фæцæйцыди дыууæ кауы ‘хсæнты. Йæ сæр йæ риуыл æруагъта, йæ цæстытæ — йæ развæндагмæ арæзт. Афтæмæй ныххæццæ хæдзæрттæм. Иуæрдыгæй Гыриты хæдзар, иннæрдыгæй уыдоны, Ленæты хæдзар. Ныггуыбыр сты, цыма сыл иу-цалдæрæй дуртæ куы нызгъалой, уымæй тарстысты. Рухс сæ иуæй дæр нæ цыд æмæ сæ иннæмæй дæр. Æмæ æрлæууыд Асбар, йе ‘ргом — Ленæты хæдзары ‘рдæм.

Афонмæ хуыссы Ленæ. Йæ зæнгтæ адаргъ кодта, йæ тымбыл урс зæнгтæ, æмæ хуыссы. Уый сæ раззаг уаты фæхуыссы. Гуыбе та, астæуæй сын цы уат и, уым. Уый йæ уроктæ фæахуыр кæны уыцы уаты, йæхæдæг кæм фæхуыссы, уыцы уатмæ иу къаннæг рудзынг йеддæмæ нæй, уый дæр — тыргъæй, æмæ талынггомау у. Раззаг уат та рухс у — уыцы дыууæ стыр рудзынджы! Цыма комкоммæ арвмæ арæзт сты. Æмæ хуыссы Гуыбе дæр. Цæмæй зоны, Асбар кæм и, уый?! Цæмæй зоны, Асбар кæм уыди, уым Ленæ дæр кæй уыди Колаимæ æмæ йын Кола йæ урс зæнгтæ кæй абæгънæг кодта?! Нæ зоны. Ницы зоны æнæуи дæр, уроктæ ахуыр кæнын зоны, æндæр æппындæр ницы зоны Гуыбе.

Уæд ныууасыд Гыриты уасæг. Тынг хъæрæй ныууасыд, цыма иннæ уасджытæн уайдзæф кодта: уæдæ цавæр фынæй у! Ай, бонмæ

бирæ куы нал и, уæд уасæгау уасæг афонмæ иу-дыууæ хъихърийы хъуамæ ма ныккæна!

Хæдзары ничима сыстад. Сабыргай бацыд, йæ пысултæ фелвæста æмæ йæ кæстæр æфсымæр Бобосы фарсмæ алæсти хъæццулы бын.

Раджы ма уыди, уый æмбæрста, æмæ ма, Дати фынæй куы уа, уымæй тарсти. Дуары рæзты ахызт, чысыл фалдæр бацыд, æрлæууыд. Стæй раздæхт æмæ бахоста дуар.

— Кæцы дæ, фæцæуын! — рахъæр кодта Дати мидæгæй.

Асбар æм ницы бадзырдта. Лæууыд æмæ хъуыды кодта: уæд та уал сæ уагътаид? Стæй сæм æрбацыдаид. Изæры сæм æрбацыдаид.

Уæдмæ Дати ракасти дуарæй.

— Мæ чингуытæ уым баззадысты ‘мæ уыдонмæ ‘рбацыдтæн.

— Баззадысты дын, уæдæ дын нæ баззадысты! — мидæгæй куыд хъæрæй радзырдта, афтæ хъæрæй загъта ам дæр Дати. — Æмæ мын хъыг уыди, раст дын куы зæгъон, уæд, кæй дын баззадысты, уый. Чиныг лæгæн йæ уд-йæ цæст у, æмæ йын куыд хъуамæ баззайа искуы, агъæца! — Дати фæстæмæ бахызти гом дуарыл. Асбар лæууыд æмæ та-иу йæ цæстыл ауади Зæлидæ, уæд фыны Дæццо æмæ Доччийы фæдыл куыд дугъ кодта, афтæмæй. Уыцы зарæг, дам, ма кæнут, уæд æй цы хъуыддаг уыди, цы зарæг кæнынц, уымæ!

— Афтæмæй дæ уроктæ та куыд сахуыр кодтай, хæдзармæ дын цы уроктæ радтой, уыдон? — бадардта чингуытæ Дати Асбармæ.

— Хæдзармæ нын æндæр уроктæ уыди.

— Уымæн нæ зонын, уыййеддæмæ æнæ чиныг уроктæ ахуыргæнæн и! Гъеныр, уæлæ мах лæппу нæу, æмæ цалынмæ стыр фæсахсæвæртæ не суа, уæдмæ, фæрсгæ ‘мæ фæрсгæ! Йæ мад мын сæ фæдзуры, уыййеддæмæ цы зонын уыдæттæн æз! Æз ам вæййын мæнæ. Тæрсы, æвæццæгæн, иннæты куынæ ‘ййафа, уымæй, — дзургæ-дзурын бацыди Дати фæйнæгмæ æмæ йыл æрбадти. Дæццоты ‘рдæм бакасти.

Дыккаг бон æм фыццаг урочы фæстæ йæхи байста Кола.

— Куыд раджы рацыдтæ, куы?!

Асбар æм нæ бакаст. Бакастаид æм, уый йæ нæ фæндыд. Раджы, дам, рацыдтæ! Æвæццæгæн, афтæ ‘нхъæлы, æхсæв-бонмæ уым хуыссыд йæ фарсмæ, стæй раджы рацыд. Уый та уæд рацыд. Нал æй фæндыд уым хуыссын æмæ рацыд.

— Бонивайæнты фехъал дæн, мæ фарсмæ æрысгæрстон æмæ... афтид дæ бынат. Исдуг кæд, æзын, цæхæрадонмæ ауадтæ, æнхъæлмæ кæсын æмæ — нæй. Уæд та мын зæгъгæ кодтаис, цæуыс, уый.

— Хуыссæг мæ нал ахста ‘мæ... — бахъуыр-хъуыр кодта Асбар.

— Æз та дæ, æзын, абоны уроктæй истæмæйты афæрстытæ

кænон. Уæддæр сæ ды хуыздæр фæзоныс æмæ мын, æзын, истытæ радзурдзынæ.

Асбар æм ницуал сдзырдта. Æмæ йæ уæд дысон цæмæннæ фарста, кæд æй урокты мæт уыди, уæд?! Йæхæдæг дзурынмæ куы фæци. Æмæ йын цынæ радзырдта, ахæмæй куы ницуал баззади зæххыл! Уыдон дæр цавæр чызг æмæ мад уыдысты! Ныр кæд чызг базыдта, мад дæр æм бацыди, уæд цыхуызæн хъуыдытæ кодта, цымæ? Æмæ йæ базыдтаид! Куыд нæ йæ базыдтаид! Чи зоны сæ æййафгæ дæр æрбакодта. Тагъд кодтаид æмæ сæ ‘рбаййæфтаид. Æмæ сæ кæд æрбаййæфта, уæд та?!

Машинæ гуыргуыргæнгæ ‘рбатахт йæ фæрсты, Асбар йæ фæстæ кæсгæйæ аззад. Куыройдоныл цы тъæпæн хид уыд, ууыл бауади, уым уырыл тымбыл зылд æркодта, йæ ных хиды ‘рдæм куы фæци, уæд æрлæууыд. Машинæйæн йæ гуыффæ уыди кæттагæй æмбæрзт — адæмыл уаргæ куыд нæ кæна, дымгæ сæ куыд нæ цæва. Уыцы дзæбæх тыгъдæй йыл лæууыди. Гуыффæйы фæстаг къулыл — асин, цыбыр æфсæйнаг асин. Схиз асиныл æмæ гуыффæмæ ныггæпп кæн! Бадæнтæ дзы, йæ дыууæ даргъ фарсы цы амыдтой, уыйбæрц. Æмæ-иу бадæн кæй фæци, иннæтæ иууыл — лæугæ. Æмæ-иу гуыффæйыдзаг адæм куы иуырдæм анцадысты кæрæдзийыл, куы — иннæрдæм.

Машинæйы ‘рбацыдмæ чи касти, уыдон уайтагъд схызтысты, стæй фæйнæрдыгæй дугъ байдыдтой сылгоймæгтæ — уыцы æнæвдæлон дугъ — кæмæ сæ дзæкъултæ уыд, кæмæ бедратæ, кæмæ та — дзæкъултæ дæр æмæ бедратæ дæр. Алчи скъæфта йæ уæййаг. Сæ хæссинæгтæ-иу уæлæмæ слæвæрдтой, стæй-иу асиныл хизыныл фесты. Цас цыди уыцы машинæйы, уый диссаг уыди! Асбар машинæйы фæрсты бахызт, стæй иуварс æрлæууыд æмæ касти, адæм машинæйы куыд бадтысты, уымæ. Чи зоны сæ искæмæн исты куы аххуыс кодтаид, уæд æвзæр нæ уыдаид. Фæлæ сæ кæмæн цы аххуыс кодтаид уырдыгæй-уырдæм! Æнæуи дис кодта — цас адæм бацыди уыцы машинæйы!

Стæй азылд — сæхимæ уал ацæуа, стæй уырдыгæй та скъоламæ рацæудзæн. Куыддæр йæ бынаты æрзылд, афтæ ауыдта: уартæ Ленæ æрбауайы машинæмæ! Йæ бæрзондзæвæт дзабыртæ разуæз æвæры, йæ зæнгтыл буаргъуыз цъындатæ, æмæ, цыма гом уыдысты уыцы раст зæнгтæ — йæ цæстытæ сыл тыбар-тыбур кодтой Асбарæн. Уæдмæ бахæццæ и машинæмæ Ленæ. Йæ къухы цы сæрак хызынгонд уыди, уый йæ иу къухæй йæ уæраджы фæлмæнмæ балхъывта, йе ‘ннæ къухæй асины хæцæнмæ сæвнæлдта æмæ цыма йæ къæхтæ ныдзæвгæ дæр нæ акодтой асины тымбыл хъæлтыл, афтæ рог сыл суади. Асбармæ афтæ фæзынди — тагъд уымæн суади асиныл, æмæ йæ уæраджы сæртæ фæзындысты, æмæ йын сæ исчи куы фена, уымæй тарст. Фæлæ сæ Асбар ауыдта, афтæ сæ ауыдта, æмæ йæ зæрдæ йæ гуыпп-гуыппæй нал æнцад. Касти машинæйы афтид асинмæ æмæ йæ хъуыдыйы фæзынди: ныр куынæуал ацæуид Ленæ горæтмæ, фæстæмæ куы æрцæйхи-

зид æмæ та куы фæзыниккой уыцы уæраджы сæртæ, æрдæбон куыд фæзындысты, афтæ. Уымæй уæлдæр ма фæзынæд, уыйонг кæй фæзындысты, уый хорз у. Æмæ йын, цымæ, уæд, Гыриты асиныл куы фæцæйхызт, уæд дæр нæ фæзындысты уымæй уæлдæр? Æмæ ууыл йæхæдæг куынæ хызти, уыцы асиныл. Ууыл æй уый куы сцæйскъæфта, Кола! Уæд, чи зоны, бынтондæр айгом уыдаиккой йæ зæнгтæ, уый мæт ма уыди Колайы?! Стæй йын сæм уым чи касти?! Фæлæ сæ, цымæ, йæхæдæг уагъта гом кæнын? Æмæ йæ, чи зоны, нæ базыдта, байгом сты йæ уæрджытæ, уый.

Асбар лæууыд æмæ касти машинæмæ. Стæй фесхъиудта æмæ дугъ ауагъта. Куы ныххæццæ машинæмæ, уæд йæ чингуытæ йæ роны æртъыста, февнæлдта асины хæцæнмæ æмæ гуыффæмæ ныггæпп кодта. Ныггæпп кодта æмæ Ленæйы тæккæ фарсмæ алæууыд.

Ленæйæн æм йæ цæстытæ дзагъырæй аззадысты, афтæ, æхсызгон дзагъырæй, йæ былтæ кæрæдзийæ фæиртæстысты, цыма быргæ фæкодтой кæрæдзийыл

— Асбар?!

Асбар бахудти, дзургæ ницы скодта.

— Кæдæм ныффæнд кодтай?

— Горæтмæ.

— Уа раджы?

— Раджы нал у.

— Æмæ де скъола та?

— Ме скъола кæд никуыдæм алидзид ме ‘рбаздæхынмæ, — хъазынмæ аздахын фæфæнд кодта ныхас. Кæннæуæд æй афтæ рафæрс-бафæрс куы сиса!

Уыцы рæстæджы асинæй сзынди Уокенайы хъуынджын худ, стæй сыхъуысти йæ ныхас:

— Гъæуым мын мæ голлагыл чи схæца, ахæмæй ничи и?!

Асбар нывнæлдта, Уокенайы уæхскæй систа голлаг — æххæст йедзаг нæ уыди, йæ астæуыл ын фæхицæнгæнæн куыд уа, цæмæй йæ уæхскыл хордзены хаст кæна. Уæддæр уæззау уыд. Асбар æй къæхты бын æрæвæрдта, схæцыд Уокенайæн йæхиуыл дæр. Уокена сæрдыгон дæр æмæ зымæгон дæр хъуынджын худ дардта æмæ цинел. Йæ фырттæ Гамбол æмæ Бимбол хæстæй цы цинелтæ æрхастой сæ уæлæ, уыдон дардта. Худ-иу йæхæдæг бахуыдта фыстдзармæй. Цæргæ никæимæ кодта йæ фырттæй. Хицæнæй цардысты йæ бинойнаг Тасионимæ. Æмæ базармæ цæуын уарзта Уокена. Куы-иу картофтæ ахаста, куы — дыргътæ, куы та — хъæдуртæ. Ныр йæ хъæбæр цинелы тæрттæй балхъывта Асбары æмæ Ленæйыл баныхæст бынтондæр Асбар. Бæргæ чидæр дзырдта Уокенамæ, рацу, мæнæ, дам, мæ бынаты сбад, фæлæ йæм кæуылты бацыдаид! Æмæ лæууыди.

Куыддæр коммæ ныххæццæ и машинæ æмæ уыцы къæдз-мæдзы фæндагыл разил-базил байдыдта, афтæ бамбæрста Асбар —

Ленæ йыл афтæ кæй баныхæст, уымæй йын æнæ ссудзгæ нæй. Уыцы хъарм ивылди йæ фæлмæн буарæй æмæ йыл ризæг æфтыдта. Йæ зæнгтыл бынтон бахæцыд ризæг, æмæ, цæмæй Ленæйы зæнгтыл ма ныдзæвой æмæ мацы рахата Ленæ, уый тыххæй-иу Уокенайыл ахæцыд. Фæлæ йыл тынг ахæцын нæ уæндыд — иуæй йын хауынæй тарсти, иннæмæй та, куы рахата, цæмæ йыл рахæцы, уый! Стæй йыл афтæ ахæца, æмæ Ленæйыл мауал ныдзæва, уый дæр æй нæ фæндыд.

Коммæ куы ахæццæ машинæ, уæд иу фæзилæны цыдæргъуызон æрзылд Ленæ йæ мидбынаты, æвæццæгæн ын йæ къæхтæ дзæбæх æрæвæрæн нæ уыди æмæ сæ хуыздæр куыд æрæвæрдтаид, ууыл архайдта, æрзылди æмæ йæ риу уыцы тыппырæй Асбары риуы рæбынмæ ныккомкоммæ и, Асбарæн йæ цонг уæлæмæ ивæзт уыд, уæле кæттаг цы тæлыгæндтыл тыгъд уыди, уыдонæй иу æрцахста æмæ йыл ныззезелæг. Фæзилæны-иу ыл тынгдæр æрбанцад риу æмæ-иу йæ цæстытæ атартæ сты.

Ленæ, æвæццæгæн, æмбæрста — Асбар тыхсы. Цæмæн тыхсы, уый дæр æмбæрста, æвæццæгæн: гыццыл лæппу нал у, стыр у. Йæ уадултæ куыд басырх сты, уымæй дæр бæрæг уыди, стæй-иу, хъæуа-нæхъæуа, уæддæр цы худт бакодта, уымæй дæр.

Æмæ цыди машинæ, куы-иу сыл иуæрдæм ахæцыди сæ уæз, куы — иннæрдæм. Æмæ сыгъди Асбар, хатт-иу фæфæнд кодта — агæпп кæна цæугæ машинæйæ æмæ фæстæмæ ныццæва хъæумæ. Фæлæ йæ нæ фæндыди, машинæйæ рахиза, уый.

Уыцы бон лæппуты æфсадмæ кодтой. Дзæвгар уыдысты. Уырдæм æрæмбырд сты, машинæ хидыл куы бауайы, уæд кæм æрзилы, уырдæм. Чидæр æртæ чъирийы раханста, дурыны арахъхъ. Уокена иуварс лæууыд, йæ голлаг хордзендихæй йе уæхскыл, æмæ йæм хъæусоветы сæрдæр Алыхъан бадзырдта:

— Уыцы голлаг уал искуы æрæвæр, уо Уокена, де уæхскыл байгас и, æмæ мæнæ лæппуты фæндагæн акув!

Уокена систа йе уæхскæй йæ голлаг, Бетъоты кауыл æй æрæвæрдта, цыма йæ искæй уæхскыл æвæрдта, уый хуызæн, æмæ йæ цинелы фæдджитæ фæйлаугæ бараст и, чъиритыл чи хæцыд, уыцы лæппумæ. Асбар иуварс лæууыди, касти уыцы змæлдмæ, хæлæг кодта, чи цыди, уыцы лæппутæм — фервæздзысты ацы хъæууон дегуыла-дыгуылайæ, искуы, иу æнæзонгæ ран, бирæ æнæзонгæ лæппутимæ баиу уыдзысты æмæ царды дзæбæхæй цæрдзысты. Хъаггæндзысты райгуырæн бæстæ — уымæй хуыздæр цы и — райгуырæн бæстæ хъаггæн! Уый уæртæ колхозы кæрт хъаггæнын нæу, нæ. Уым лæг бæргæ сулæфтытæ кæнид йæ риуыдзаг!

Уокена йæ хъуынджын худ систа, йæ дæларм æй бакодта, йæ арм сыкъайыл æрбатыхта, дзæбæх биноныг тыхт ыл æрбакодта уыцы стыр арм. Асбар ын исдуг нæ хъуыста йæ куывдмæ — нæ йæ 'вдæлди хъусынмæ, стæй йæм уæддæр æрбайхъуыст куывд йæхæдæг:

— Уæдæ кæд искуы дæ бынæй бæлццон ацыд æмæ фæндараст

фæци, уæд уый æмбал бакæн мæнæ ацы лæппуты дæр. Нæ царднæ бон хъаггæнынмæ цæуынц æмæ бындз дæр куыд нæ ауадзой нæ сæрты атæхын, уыйас хъару сæм разынæд.

Адæм лæууыдысты æмæ хъуыстой Уокенамæ. Далæ Сылымæт, клубы фæндырдзæгъдæг, йæ фæндыр йæ дæларм. Æвæццæгæн, хъазт дæр ацараздзысты. Æмæ та дзы Кола ма скафа! Далæ лæууынц Зæлидæимæ иумæ. Æмæ, цымæ, Зæлидæ нæ зоны кафын? Куыд нæ зондзæн? Уый цы нæ зоны, ахæмæй цы и?! Ибонты фæндыр дæр куыд ныццагъта скъолайы дуармæ! Сæ ахуыргæнæгæн йæ орден æрхæццæ, физикæйы ахуыргæнæг Инусæн, уым кæй хъуамæ райстаид, хæсты, фæлæ кæй нæ райста, уый. Ардæм ын æй схастой районы æфсæддон хайы кусджытæ. Ахуыргæнæгæй-скъоладзауæй сæ бамбырд кодтой, физкультурæйы уроктæ кæм вæййынц, уыцы уæрæх хатæнмæ. Куы араныхæстæ-баныхæстæ кодтой, уæд хъазт ма ацаразой. Инусæн дзы йæхи дæр скафын кодтой. Ам Зæлидæ нæ цæгъддзæн. Ам Сылымæт цæгъддзæн йæхæдæг. Æмæ йæ æрфæндыд Зæлидæйы цурмæ бацæуын, фæлæ нæ бацыди, Кола уым уыд, æмæ уый тыххæй нæ бацыди.

— Иратаманы лæппутæн, «Хуыцау дæ афицер скæнæд», куывтой æмæ стыр Хуыцау ахæм арфæ ракæнæд, æмæ ацы лæппутæ афицертæ куыд ысой!

Стæй ацыди Асбар — нал æм цыди уыцы хæрхæцъамæ кæсын. Ацæуа, далæ донымылмæ ныццæуа, уым искуы иу дурыл сбада æмæ доны хъæрмæ хъуса! Адæмы хъæрмæ хъусыны бæсты доны хъæрмæ хъус æмæ уа! Рацу-бацу дæр акæн. Донымылæй хуыздæр кæм арацу-бацу кæндзæни лæг! Куыддæр иуварс ахызт, афтæ — мæнæ Бадиккæ! Уыцы æмраст лæууы æмæ худы йе ‘гас цæсгомæй.

— Дæу нæма кæнынц уыцы æфсадмæ? — фæрсы, фæхуд-фæхуд кæны, афтæмæй Бадиккæ.

— Нæма, — загъта Асбар, бакæсинаг уыд Бадиккæйы цæсгоммæ, фæлæ йын йæ иугæндзон худтæй фæлмæцгæ кодта æмæ йæм нæ бакаст.

— Гъомæ дæ куыд æрæгмæ кæнынц! Гъеныр дæ кæд кæнгæ акæндзысты, кæд здæхгæ æркæндзынæ! Æмæ уæдмæ хъуамæ зæрдæхæлдтæ кæнон æнхъæлмæ кæсынæй, — Бадиккæйæн йæ цæсгом байдзаг уыцы æнæмæт худтæй, æмæ йæм Асбар дæр бахудт.

— Ам цы ми кæныс? — цыма йæ нырма ныртæккæ федта, уый фарст æй бакодта.

— Нæ сыхæгты лæппуйы дæр нын кæнынц. Нæ зоныс Дзаттейы?

— Кæй Дзаттейы?

— Дзиболаты.

— Зонын.

— Уый дæр кæнынц, æмæ уый фæдыл рацыдыстæм.

Уыцы рæстæджы сæ фарсмæ алæууыд Бадиккæйы сыхаг ус Дудукки.

— Цы фæдæ, цы, мæнæ чызг?! Уæдæ æз уый агурын, уый та — дугъ-дугъ æмæ йæ гыццыл уарзоныл йæхи андæгъта.

Асбар нæ бацин кодта Дудуккийы ныхæстыл.

— Цард хæлæгæй нæу, — дзуры Бадиккæ хъæрæй æмæ ноджы хæстæгдæр балæууыд Асбармæ.

— Æруадз кæйдæр лæппуйы! — дзуры хъæрæй Дудукки дæр. — Абоныстæн, кæд дыл æй исчи не ‘рымысдзæн.

— Куыд мыл æй ‘рымысдзæн! Ныpма æфсады дæр куынæ уыди.

— Мæ тæригъæд де знаджы хай, уый дын æфсады нæма уыд! Æфсады уартæ Бузылаты Бетъре дæр нæ уыд, фæлæ йын фараст сывæллоны ис. — Стæй фездæхти Бадиккæмæ Дудукки. — Цом нæ сыхæгты цурмæ, кæннæуæд худинаг у.

— Ацæут, — загъта Асбар. — Æз дæр цæугæ кæнын.

— Кæдæм цæуыс ды та? — комкоммæ йæ бафарста Бадиккæ.

— Далæ донмæ.

— Кæсаг ахсынмæ?

— Нæгъ.

— Дæхи найынмæ?

— Нæгъ.

— Уæдæ?

— Хъуамæ дзы мæхи баппарон.

— Алæ-ма, Асбар, ма дзы баппар дæхи! — йæ ныхас лæгъстæгæнæджы ивæзт акодта Бадиккæ.

Цыма хæдæвзæрд ныхас кодта, ныхас нæ — лæугæ дæр цыма хæдæвзæрд лæуд кодта Асбар, афтæ йæм зынди. Уый фæндыди Ленæйы цур лæууын, фæндыди йæ Ленæимæ ныхас кæнын. Иннæ лæудтытæ æмæ иннæ ныхæстæ фæнды уæд, фæнды ма уæд. Æмæ йæ æввахс лæууын фæндыди Ленæмæ, хæрз æввахс, уæд æм машинæйы куыд æввахс лæууыд, афтæ. Уокена йæ йæ хъæбæр цинелы тæрттæй куыд балхъывта Ленæмæ! Ахæм цыд ма искуы акæн уыцы кæттагсæр машинæйы!

Ныр Ленæ сæрды фæуыдзæн ахуыр, уый дæр фæуыдзæн скъола уалдзæджы. Стæй Ленæйы кусынмæ арвитдзысты искуыдæм, чи зоны, дард искуыдæм — Уæрæсе кæуылты у! Æмæ уый дæр йемæ куы ацæуид, Асбар дæр. Афардæг уаид, æппындæр ницæмæ фæкæсид фæстæмæ. Уый дæр кусид исты, цыфæнды куыст дæр кæнид. Æмæ цæриккой Ленæимæ. Лæг æмæ ус куыд фæцæрынц, афтæ цæриккой. Æмæ-иу изæры цингæнгæ цæуид йæ куыстæй: ныр тагъд баталынг уыдзæн æмæ та хуысдзæни Ленæйы фарсмæ, уыцы хъарм æмæ фæлмæн уыдзæни Ленæ. Æмæ та йын йæ урс-урсид зæнгтæ абæгънæг кæндзæн. Æмæ-иу фæцудыдта цæугæцæуын Асбар. Уыцы цинæй-иу фæцудыдта æви, уыцы цин куы никуы ‘рцæуа, уый тасæй — уый бæрæг нæ уыд.

Æмæ йын æндæр гæнæн нæй — ацæуа йемæ. Ацæуа, уый кæдæм цæуа, уырдæм. Уый куынæ ацæуа йемæ, уæд æй æндæр исчи ракурдзæн — уæдæ йæ нæ ракурдзæн æндæр исчи! Æмæ йæ куы ракура æндæр исчи, уæд нæ базондзæн, Гыриты нартхоры